Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 37 (6437) 6 июль 2015 с. Итни Рамазан 1436 с. Багьа 5 гъур.

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIЦМУР

## ЕГЭялъ борцана щибаб школалъул даража

**2016 сон Гумбеталда лъайкьеялъул лъагIеллъун рагIизабизе бугилан лъазабуна районалъул нухмалъиялъ**

**30 июналда тIобитIана Гумбет районалъул депутатазул Собраниялъул 5 ахIиялъул къоабилеб сессия. Гьенир гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, райадминистрациялъул бетIерасул заместителал, районалъул Собраниялъул депутатал, росабазул администрациязул бутIрул, гьезул заместителал, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, заместителалгун цадахъ лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулел.**

Сессия рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, депутатазул Собраниялъул председатель **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.**

Гьоркьор лъун рукIана гьал хадур рехсарал суалал: Гумбет районалъул лъайкьеялъул учреждениязда лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIи цебетIезабиялда хурхун районалъул лъайкьеялъул отделалъ гьабураб хIалтIи ва «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджеталда хиса-басиял гьари.

ТIоцебесеб суалалда тIасан докладгун кIалъазе вахъана бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов.** Гьес тIадчIей гьабуна хIажат букIин педагогазул ва нухмалъиялъул кадрабазул махщел камиллъизабизе. Аслияб кIвар кьезе ккей лъайкьеялда гьанже заманалъул лъайкьеялъул технологияздаса пайда босизе педагогал ругьун гьариялде.

КIалъазе вахъарав районалъул Собраниялъул депутат, Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIид ГIалихIажиевас** абуна лъайкьеялъул даража борхизабиялде кIвар кьезе хIажат бугилан.

Гьунар бугел лъималазе рагьараб школа-интернаталъул (ШИОД) директор **Лабазан ХIажиевас** абуна жидеца МГУ-



**МухIамадовас** абуна лъайкьеялъул аслияб программа районалъул киналго школазда гIуцIун гьечIилан. Лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулез гьелде кIвар кьезе ккеялъулги бицана. Районалъул Собраниялъул депутат **Ибрагьим Ибрагьимовас,** Данухъ гьоркьохъеб школалъул директор **МухIамад Сайпилаевас,** Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор **ХIассан МухIамадгIалиевас** лъазабуна хIажат бугин цIалул соналъул хIасилал гьаризе, цогоял пачалихъиял экзаменазул (ЕГЭ) ва аслиял пачалихъиял экзаменазул (ОГЭ) щибаб предметалъул хIасилазде балагьун.

ялъулгун ва Дагъистаналъул вузазулгун къотIаби хъван ругилан, махщел камилал гIалимзабаз дистанционнияб куцалда гьеб интерналда дарсал кьезе ругилан, лъай щвезе бокьарал ва гьунар цебетIезабизе гьира бугел лъимал сентябралда жидехъе рачIайилан.

Ахиралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали

КIиабилеб суалалда тIасан информация кьуна бакълъулазул финансовияб идараялъул нухмалъулев, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовас.**

Гьоркьор лъурал суалазда хурхун сессиялда хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ, МЕХАЛГИ, АХАЛГИ…

## Ахихъанлъиялъул соналда бакълъулазул ахал цIикIкIана

**ГъутIби лъалъазе шартIал гIуцIиялъул рахъалъги ахIвал-хIал лъикIлъанилан бицана хьиндалаз**

**Гумбет районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул нухмалъиялда 30 июналда тIобитIана районалъул администрациялъул коллегиялъул заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез, росабазул поселениязул бутIруз ва гьезул заместителаз, лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулез, районалъул Собраниялъул депутатаз.**

Коллегиялъул заседаниялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиев.**

Гьоркьор лъурал суалал:

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

### НОМЕРАЛДА РУГО:



Арадирихские думы

-2 стр.



Къисматалъ имамлъун вукIинчIониги, Имам вукIана мун шагIирзабазе

-2 гьум.



Вирусазул гьужум

-3 гьум.



Операция «Оружие – выкуп» продолжается

-4 стр.

№ 37 6 июль 2015 с.

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Арадирихские думы

**Родина – это там, где все до боли знакомо, где каждый холм, каждая тропа, каждая скала – часть твоей жизни.**

Идешь по тропе, по которой неслись скакуны воинственных предков, шли стоики-горянки с сеном, бегали босоногие дети… Сколько раз ты ходил по этим тропам. Горы – в артериях троп, источников, речек…

Ночь в горах. Звезды – на ладони. Млечный путь. Вечный путь. Полярная звезда. Звезда постоянства. Физически ощутимая прохлада свежего горного воздуха. Всеобъемлющая, благая тишина. Безмолвие, которое лелеет душу, слух…

Сказочные закаты. Рассветы из фэнтези. Мелодии птиц. Ароматы цветов.

Другие небеса. Другая реальность.

…Арадирихские закаты. Здесь жизнь замедляет бег. Здесь круглые сутки струится неземной свет. Здесь воздух чист и наполнен благодатью. Здесь - Большая Родина.

Нижний Арадирих, Средний Арадирих, Верхний Арадирих - гнездовье Крыши-горы.

Выходные дни провел в своем родовом ауле. Надышался воздухом высокогорья. Прошел по тропам детства. Поднялся на вершину Крыши-горы. Сфотографировал орлов.

Внутренний мир… Внешний мир… Лишь сбережение этих миров спасет нас… Вид с горы ТIохмегIер на Страну Солнца чарующий. Отсюда смотрю на миры… Здесь прошло мое детство… Слышу, как на рассвете здесь поют птицы… Ощущаю кожей тепло полдневного солнца… Всеми фибрами души привязан к этой земле… Отсюда созерцаю закаты…Любуюсь загадочным звездным небом … Все мы родом из детства, прав Антуан де Сент-Экзюпери.

Это нечто незыблемое, вечное. Твердь земли, опора жизни. Это основа основ. Гравитация, которая держит Мироздание. Любовь к Родине, к тем местам, где прошло твое детство, где ты читал Гомера, Шекспира, Пушкина, Гамзатова, где косил сено и сеял поля, где играл с ровесниками и где мечтал о далеком и неизведанном… Это тяга к родимым скалам, лесам, долинам… Это святое чувство дома... Родина, дом, семья – точка опоры, которая держит мир в орбите. Нет выше ценностей. Нет выше слов…

Горы, горы. Снова и снова встречаемся мы, горы... «Любите свободу, как мать родную, и жизнь ваша будет прекрасной... Пусть золото и богатство вас не манят, побольше любите ущелья гор седых», - имам Шамиль.

…Горы в разорванных в клочья облаках… Горы под лучами сияющего солнца… Горы под зияющим бесконечным звездным небом…

Дорога бежит перед тобою. Приветствую старых и добрых знакомых – скалы, леса, ущелья, вершины…

«Куда бы нас ни бросила судьбина
И счастие куда б ни повело,
Всё те же мы: нам целый мир чужбина;
Отечество нам Царское Село», – Александр Пушкин.

Отечество мне – царское село Арадирих.

# Ахихъанлъиялъул соналда бакълъулазул ахал цIикIкIана

**(Авал-тIоцебесеб гьум.)**

«Дагъистан Республикаялда ахихъанлъиялъул сон тIобитIиялъул хIакъалъулъ» 2014 соналъул 27 октябралда ДРялъул бетIерас хъвараб Указ тIубаялъул тадбиразул хIакъалъулъ» 2014 соналъул 11 ноябралда къабул гьабураб «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул хIукму (№123) тIубазабиялъул хIакъалъулъ».

«Районалда автотранспорт хьвадулел нухал ремонт гьабун къачIаялъул буголеб хIалалъул ва гьеб хIалтIи лъикIлъизабиялъе тадбиразул хIакъалъулъ» «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIукму гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ».

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** абуна Дагъистаналъул бетIерасул Указ тIубазабиялъе ахихъабазе пачалихъияб кумек щвеялъе, цебеккунго гIарац кьечIого чIезе гъутIби росизе рес батизабиялъе хIалтIи гIуцIизе ккеялъул.

ЦIиял ахал чIеялъе, басриял цIигьарун къачIаялъе ахихъабазе кумек гьабулеб букIиналъул, цебеккунго гIарац кьечIого чIезе гъутIби гIезарулеб магIишаталдаса гьел ахихъабазе щвезе тIалабагъаз гьабиялъул бицана районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул бетIерав агроном **ХIайбула Нажмудиновас.**

«Ахихъабазе хIажатаб кумек гьабизе буго. Росабазул поселениязул бутIруз тадбирал гьаризе ккола субсидия щвеялъе хIажатал документал хIадуриялъе», - ян абуна администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.

«Нилъеца тIадчIараб хIалтIи гьабизе ккола росабалъ ахаз ккураб ракь гIатIид гьабиялъе, гьединго тадбирал гьаризе ккола учреждениязул, гIуцIабазул ракьалда пихъил гъутIби чIеялъе», - ян абуна Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъалаго, ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна автотранспорт хьвадизе хIинкъи гьечIеб хIалалда республикаялъул ва бакIалъул кIваралъул нухал чIезариялъе «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъ цо къадаралъул хIалтIи гьабулеб букIаниги, кIвар бугел гIунгутIабиги хутIун ругилан ва гьезие ахир лъеялда тIад хIалтIизе ккелилан.



Заседаниялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун дандрекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

РАГIУЛ УСТАР. ИНХОСА ГIАЛИ-ХIАЖИЯС 170 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Къисматалъ имамлъун вукIинчIониги, Имам вукIана мун шагIирзабазе

**Инхоса ГIали-хIажиясул рахъалъ дица гьедин абила, щайгурелъул, авар адабияталъе къучI лъурав классик гьев кколелъул.**

**Инхоса ГIали-хIажияс гучлъизе гьабуна, гъваридаб магIна кьун, аваразул шигIрият, пасихIлъиялъул рахъалъ гьев вахана цIакъго тIадегIанаб борхалъиялде. Гьес авар адабияталда лъугьинабуна чанго батIияб форма, роцен. ГIали-хIажи вуго аваразул классикияб адабият жиндасан бачIарав, тIокIав такрарлъизе рес гьечIев, ритIухъав гIакъил, халкъалъул талихIалъе гIоло къеркьохъан, цIицIияб гIелалъул рухIияв цевехъан, инсаниятальул рухIиял къанунал ургъарав пикручи, гIалимчи, философ, гъваридаб магIнаялъул инсан. Гьес тIамуна гIадамал ургъизе, дунял бихьи гIатIид гьабизе, гIумруялъул хIакъикъияб магIна рагьизе, илагьиябги дунявиябги берцин гьабизе, бацIцIадго цIунизе.**

Нахъеги дица абила, халкъияв поэт вукIунев ватани, хIакълъунго ГIали-хIажи гьев вуго. Гьале унеб буго 170 сон ГIали-хIажи гьавуралдаса. Гьесул рагIаби руго магIарулазул кIалалдаги мацIалдаги: «ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас, БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур», «ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро», «Масала, гIакъилас гIадан теларо, Тушман вугониги, гIадада хвезе», «ГIелму-хазинайин хвелго гьечIеб жо, Ханзабаздаги тIад хIукму гьабулеб» ва гIемерал цогидалги.

Гьесул кицабиял алфазал лъугьана халкъазе канлъи кьолел жавгьараллъун, инсан инсанлъун вукIине лъураб нухлъун. Цоги жо рикIкIинчIого, ГIали-хIа-жиясул цохIо «Макка бахъи» поэма гIелаан гьев дунялалдаго машгьур гьавизе. Дунялалдаго машгьурал суфиязул литератураялъул церехъабазулги гьечIо гьедин пасихIго ва мухIканго хъварал тарихиял асарал. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, гьунар тIокIав шагIир **МухIамад АхIмадовас** хъвалеб буго ГIали-хIажиясул «ХъахIаб рас» назмуялда гьоркь дунялалъул бищунго машгьурал щагIирзабаз гъулбас гьабилаанин. ГIали-хIажияс балагьичIо, бищичIо поэзиялъул бигьаяб нух, гьес къучI лъуна жинда хадур рачIунелги тIасан ине нухалъе, щибаб рагIи, щибаб жугьа буго гьесул рекIел ахадаса бачIараб, рекIел бухIи хIехьараб, гIумруялъул паналъиги абадиялде данде гIадамил лъимадул пайда гьечIолъиги лъараб.

ШаргIиял къанунал щулаго ккурав чи вукIаниги, гьес кколеб рагIи абуна, Аллагьасул цIарги цебе ккун, халкъ махсароде кколездеги, гIадамазда зулму гьабулеб къавмалдеги, хIалихьалъи, кIигьумерчилъиялдеги.

Инхоса ГIали-хIажиясул шигIрияб ирс - къинго гьечIел иццал, чанги къечарасул къеч буссинабулел, гIаданлъи, яхI-намус, бахIарчилъи, къохIехьей, ВатIаналде рокьи, гIадамазулъ хьвадизе лъай, адаб, хъатир - гьеле гьесул нилъее насихIат.

Жакъа тIолабго жамгIияталъул рухIияб дуниял тIеренлъун ккедал, гьечIого рес гьечIел насихIатал гьечIищ гьел?

Щибаб школалда, щибаб вузалда тIоритIани Инхоса ГIали-хIажиясул цIалиял, гьелъ кIудияб асар гьабилаан лъималазе ва гIолохъабазе.

Ина заман, хисила гIелал, хиси гьечIев ГIали -хIажи хутIила даималъего. Дова Ганжаялда Низами гIадин, эхетила гьевги бакълъулазул аслияб байданалда. БачIина гьединабги замана, рагIул магIна лъалез, гIелму хирияз зиярат гьабила гьесул сиялде.

КIодолъиялда кIодолъи рекъола.

**Исрапил Заирбегов**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



ЛъаратIа росу

НАКЪИТ. ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# Вирусазул гъужум

### Бруцеллезалъ унтараб боцIи калмыказ дагъистаниязе цIунун толила

**Кинаб ахIвал-хIал бугеб гьабсагIат бруцеллезалъул рахъалъ районалда? Гьеб ва цогидалги суалалгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана ветеринаразул пачалихъияб бюджетнияб учреждениялъул (ГБУ) Гумбет районалда бугеб ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевгун.**

## ГIи-цIаназул 100 422 бетIер магIарухъе гочана

**- ГIали, кинаб ахIвал бугеб районалда бруцеллезалъул рахъалъ? Гьеб тIагIинабиялда хурхун гьаб соналъул 6 моцIалда жаниб кинал тадбирал гьарурал?**

- Гьаб соналъул 6 моцIалда жаниб районалда бруцеллезалъ унтараб гIи-боцIи тIатинаби мурадалда бахъана, хъутабиги гъорлъе рачун, кинабниги 15-азарго хIайваналдаса (КРС) ва анлъазарго бетIер гIи-цIаназдаса би. Гьелъул хIасилалда чIегIербоцIулъ 16 хIайван тIатана бруцеллезалъ унтараб. Гьел хIайванал тIатана Килалъ, Игьали, ТIад Инхо, Данухъ росабалъ ва Нарыш хъутаналда. Би бахъараб боцIуда гьабуна бруцеллез тIибитIилаpeдухъ уколги.

Гьединго 6 моцIалда жаниб туберкулез бугищан халгьабизе ичIазарго чIегIербоцIуда лъуна манту. МугIрузде бахиналде гIадамазул, КФХязул, СПКязул, ОООязул кинабниги 3340 бетIер чIегIербоцIуда гьабуна хIунсул, къочIол, щукърузул унтабазда данде уколал.

Роолил мучIдузде хъутабаздаса гочиналде цебе гIи чурана ва гьабуна харил унтиялде данде укол. Гочунаго, щибаб гIиял рехъада цадахъ вукIана цо-цо ветхIалтIухъан. Нухда квал-квал ккечIого, мугIрузда парахалъана кинабниги (СПК, КФХ, ООО) ва гь. ц. тIинчIгун цадахъ 100 422 бетIер гIи-цIаназул.

## Вирусал хьихьуге ва кьара гьаруге

**- Районалъул цо-цо росабалъ боцIуде бруцеллез бахиналъе гIилла щиб кколеб?**

- Бруцеллез бахиналъе гIиллалъун ккола жидеего учуз щолеб бакIаздаса (Калмыкалъа, Чачаналъа, ГIанди ва цогидалги бакIаздаса), ветспециалистаздаги гьикъичIого, боцIи боси, ва унти батараб боцIи жиндир заманалда тIагIинабунгутIи. Багьана батулеб буго жидер боцIи хIалакъ бугин, 6-7 моцIалъ мачIадалъе хьихьулеб буго (откормалда). Гьединлъидал, гьеб бахунеб буго сверухъ бугеб боцIуде ва гьелъие хъулухъ гьабулел гIадамазде. Бруцеллез тIагIинабизе ккани, нижее кумек хIажалъула росабазул бегавулзабазул ва жамагIаталъул. Нижеца тадбирал гьарулел руго 15 июлалде бруцеллез бугеб боцIи тIагIинабиялъе.

**-ГIи-боцIудаса би бахъулаго, уколал гьарулаго, захIмалъаби дандчIвалищ?**

- ЧIвала. Районалъул цIикIкIарасел росабалъ гьечIо уколал гьарулеб мехалъ боцIи жанибе гъолел бакIал (расколал). Гьел гьечIолъиялда бан, хьвадизе кколел руго рокъо-рокъоре.

**- ГьабсагIаталда ветеринаразда цебечIараб масъала кинаб бугеб?**

- Ветеринаразда цебечIараб масъалалъун ккола бруцеллез тIагIинаби, рахунел унтабазда данде хIалтIи гьаби. Роолил мучIдузда ругел гIи-цIаназул тIинчIалъе кьезе буго цунтрузда данде дару, гьаризе руго къочIол унтиялда данде уколал. Лемагаздаса би бахъун хадуб гьабизе буго бруцеллезалда данде уколал.

**ГIайшат Исламбиева**

РАЦIЦIАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ…

# Игьалибе чвахулеб лъим цIетIендерица хъублъизаби

### Гьеб суал тIубазе Унсоколо районалъул бетIерасухъе ва ЦIатIанихъ росдал бегавуласухъе кагътал ритIана

**Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана райадминистрациялда цебе гIуцIараб туберкулезалда дандекъеркьеялъул рахъалъ ведомствабазда гьоркьосеб советалъул ва санитариябгун эпидемическияб комиссиялъул цадахъаб данделъи.**

Гьенир гьоркьор лъуна:

1. «Районалда ветрянка унтуда данде къеркьеялъул бугеб хIал ва гьеб тIибитIизе биччангутIиялъе гьарулел ругел тадбиразул хIакъалъулъ».

2. «2015 соналъул бащдаб лъагIелалъ районалда рахунел унтабаз гIадамал унтиялъул бугеб хIал».

ТIоцебесеб суалалда тIасан информациягун кIалъана ЦРБялъул бетIерай педиатр **Марьям Жанахъаева.** Гъоркь Инхоб баккун букIана черхалда тIаде жо (ветрянка) баялъул унти. Унтарал лъимал сахаздаса ратIа гьаруна. Гьезда хадуб гуребги, хъаравуллъи ккуна мадугьалихъ росабалъ ругел лъималазул сахлъиялда хадубги. Хехал тадбирал гьариялъ квербакъана унти, тIибитIизе биччачIого, хехго тIагIинабизе.

КIиабилеб суалалда тIасан информация гьабуна райбольницаялъул рахунел унтабазул тохтур **Халисат ГIалиевалъ.** Гьеб суалалда тIасан кIалъана комиссиялъул членал **ХIайбула ГIабдурахIманов, МухIамад СайгидахIмадов, ХIадис ГIалиев, Камил Расулов,** Марьям Жанахъаева.

Заседаниялда къабул гьабураб хIукмуялда бихьизабулеб буго рахунел унтабаздаса цIуниялъе, сахгьариялъе централияб больницаялъ ва росабазул поселениязул администрацияз гIуцIараб хIалтIи гIей гьабулеблъун рикIкIине.

ЦРБялъ:

- гIадамазда гьоркьоб хадубккунги бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIизе рахунел унтабаздаса цIуниялъе санитариябгун гигиенаялъул тIалабал тIураялъул бугеб кIвараялъул хIакъалъулъ;

- бруцеллез жидер боцIулъ батарал гIадамазул медицинаялъулал халгьабиял тIоритIизе;

- ЦРБялъ, Гъоркь Инхо, Игьали, ЧIиркъатIа росабазул поселениязул администрацияз гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе гепатит А унтудаса цIуниялъул хIакъалъулъ, ГIандигIорул лъим кване микробаздаса бацIцIад гьабичIого хIалтIизабизе биччангутIизе.

Росабазул администрацияз медицинаялъул хIалтIухъабазе кумек гьабизе кIиго ва цIикIкIун соналъ халгьабичIел ва унти бахиналда хIинкъи бугел гIадамал флюорографиялде ритIиялъе. Гьекъолеб лъедалъун росабазул гIадамал хьезари лъикI гIуцIизе ва гь. ц.

Данделъиялда бицана Игьалибе чвахулеб лъим тIадехун бугеб ЦIатIанихъ росулъан чорок гьабулеб букIиналъулги. Гьеб суал роцIцIинабизелъун, Унсоколо районалъул ва ЦIатIанихъ росдал нухмалъулезухъе кагътал ритIана Гумбет районалъул нухмалъулез.

**ХIайбула ГIабдурахIманов, Гумбет районалъул администрациялда цебе бугеб санитариябгун эпидемическияб комиссиялъул нухмалъулев**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

# Майор Мухтар ГIабдурахIманов – Дагъистаналда лъабабилев

### Участковиязда гьоркьоб лъабабилеб бакI

**Дагъистан Республикаялъул МВДялъ полициялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб щибаб соналъ тIоритIула гьезул махщалил хIаракатчилъиялъул щибаб тайпаялъул: рагъулаб, хъулухъалъулаб, физическияб хIадурлъиялъул халгьабизе къецал.**



Гьел къецазда гIахьаллъизе уна Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул цо-цо хIалтIухъабиги. Гьаб соналъ къецазда гIахьаллъана участковияв уполномоченный, полициялъул майор **Мухтар ГIабдурахIманов**. «Махщалил рахъалъ бищун лъикIав» абураб конкурсалда участковиял уполномоченныязда гьоркьоб гьес лъабабилеб бакI ккуна.

Мухтар ГIабдурахIмановасе лъабабилеб даражаялъул диплом кьуна, ДРялъул МВДялде къабулги гьавун, Дагъистан Республикаялъул жанисел ишазул министерствоялъул нухмалъулесул заместитель, полициялъул подполковник **А. Хъарчигъаевас.**

Коллективалъ Мухтар ГIабдурахIмановасе гьарулеб буго оперативияб ва хъулухъалъулаб хIаракатчилъиялда бергьенлъаби, щулияб сахлъи, гIумрудулъ икъбал-талихI.

**Сайпудин МухIамадгIалиев, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул начальникасул ишал тIуралев, жанисеб хъулухъалъул**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Чи хвеялъе гIилла – гIедегIи ва сангар гьечIолъи

### Гумбеталъул ракьалда - хвалилаб автоавария

**2015 соналъул 26 июналда Хасавюрт – Кьохъ нухлул 69-абилеб километралда автоавария ккана. Гьелъул хIасилалда хвана 1 чи ва лъукъа-векун больницаялде ккана 2 чи. Автоавария ккеялъе гIилла букIана машина гIедегIун бачин ва нухлул рагIалда сангар гьабичIолъи.**

Араб соналъги гьебго нухда (63 км) ккана гьединабго 2 лъугьабахъин. Гьелъул хIасилалдаги 1 чи хвана, 3 чи лъукъун хутIана.

Гьебги хIисабалде босун, 2015 соналъул 16 февралалда РФялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб ОГИБДДялъул инспекторас, гьединал лъугьа-бахъинал такрарлъичIого рукIиналъе гIоло, ГКУ «Дагъавтодоралде», Гумбет районалъул прокуратураялде ва «Гумбетовское» ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаевасухъе хъван букIана нухлул рагIалда сангар гьабеян.

«Гумбетовское» ДЭП № 10» ОАОялдасан жаваб бачIана гьеб хIалтIи гьабун бажаруларин, гьелъие сурсатал гьечIин. Гьеб гьабичIолъиялъе гIоло ГIалимчилав ГIалимчилаев ОГИБДДялъ тамихIалде цIана.

ТIадехун рехсараб куцалда нухлул рагIаллъабазда сангар гьабичIони, хIинкъи буго хадубккунги гьелдасаги кIудиял автоавариял ккеялдаса.

**АхIмадбег Загьидов, РФялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб ОГИБДДялъул нухазул хъаравуллъиялъул пачалихъияв инспектор**

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦIИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

# Техника басралъиялъ, «варягал» ахIана

### Бакълъулазул хъутабазда 384 тонна тIощалил бакIарана

**Бакълъулазул Бабаюрталъул зонаялда ругел хъутабазда рагIалде бахъана тIоролал культурабазул бачIин бакIари. Гумбет районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалда 29 июналде ругел баяназда рекъон кинабниги бакIарун буго 175 гектаралдаса 384 тонна пурчIинадул.**

Гьеб ккола щибаб гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда 22 центнер. Гьелдасан «Мехельтинский» СПКялъ 90 гектаралдаса 201, «Тляратинский» СПКялъ 45 гектаралда 103,5, «Цундинский» СПКялъ 15 гектаралдаса 30, «Щабдухский» СПКялъ 25 гектаралдаса 50 тонна бакIарун буго. Гьоркьохъеб хIисабалда цо-цо гектаралдаса «Тляратинский» СПКялъе 23, «Мехельтинский» СПКялъе 22,3, «Цундинский», «Щабдухский» СПКязе къо-къо центнер пурчIинадул щун буго.

СПКязул техника басралъараб букIиналъ бачIин бакIаризе техника къватIиса ккун буго.

**ГIайшат Исламбиева**

DURA LEX, SED LEX ( СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Операция «Оружие – выкуп» продолжается

### Основные требования по порядку приобретения, хранения, перевозки, учета и использования гражданского огнестрельного оружия

**Приобретенное гражданами огнестрельное оружие в течение двухнедельного срока должно быть зарегистрировано в органах внутренних дел по месту жительства и получено разрешение на ее хранение и ношение. Оружие и боеприпасы к нему должны храниться в местах проживания владельца в условиях, обеспечивающих его сохранность ( в металлических сейфах), безопасность хранения и исключающих доступ к нему других лиц.**

Запрещается передавать огнестрельное оружие и боеприпасы другим лицам без разрешения органов внутренних дел.

Транспортировка оружия осуществляется владельцем в чехле и в разряженном состоянии при наличии разрешения органов внутренних дел на его хранение и ношение.

Владелец огнестрельного оружия при перемене места жительства обязан обратиться в орган внутренних дел с заявлением о снятии оружия с учета, указав адрес нового места жительства.

По прибытии к новому месту жительства владелец оружия обязан в десятидневный срок поставить на учет имеющееся у него оружие в соответствующий орган внутренних дел.

В случае утраты или хищения огнестрельного оружия, владелец обязан немедленно сообщить об этом в органы внутренних дел.

Для продления разрешения на хранение оружия владелец обязан за три месяца до истечения срока действия разрешения обратиться в органы ВД и представить следующие документы: заявление, медицинское заключение (ф-046-01) о состоянии здоровья, фото 3х4 (2 шт.), заключение УУП, копия охотничьего билета в продленном виде, протокол контрольного отстрела, квитанцию об оплате за перерегистрацию оружия.

После представления всех необходимых документов отправляется запрос в ИЦ МВД по РД на проверку наличия судимости и других компрометирующих сведений.

Гражданин Российской Федерации имеет право продать (передать) имеющееся у него на законных основаниях оружие другому лицу (при наличии у последнего соответствующей лицензии) после его перерегистрации в органах внутренних дел по месту учета этого оружия или сдать оружие по направлению ОЛРР МВД на комиссионную продажу в специализированные магазины.

За нарушение установленных правил приобретения, хранения, ношения, учета, использования, транспортировки виновные лица привлекаются к уголовной и административной ответственности с конфискацией оружия или без таковой.

За нарушение сроков перерегистрации и нарушение установленного порядка условий хранения оружия составляются административные протоколы по ст. 20.11 и ст. 20.8. КоАП РФ.

В последнее время, в связи с участившимися случаями нарушений в сфере оборота гражданского оружия, ОМВД РФ предупреждает всех владельцев гражданского оружия о необходимости создания всех необходимых условий для хранения оружия и патронов по месту жительства, а также соблюдения законных требований при транспортировке, ношении и своевременной перерегистрации гражданского оружия.

Если в течение года у владельцев оружия будет выявлено два нарушения по условиям хранения и перерегистрации оружия и составлены по ним административные протоколы, то у таких владельцев оружия будут аннулированы разрешения и будет изъято оружие.

Лицам, имеющим судимость, совершивших противозаконные действия, а также лицам, состоящим на профилактических учетах в ОМВД, не будут выданы лицензии на приобретение оружия, а также будут аннулированы имеющиеся ранее их разрешения.

Всем УУП и инспектору ЛРР даны необходимые указания и предупреждены о персональной ответственности по проверке по месту жительства владельцев оружия на соответствие условий хранения оружия и патронов, и при этом они будут выдавать заключения гражданам только после создания всех соответствующих условий для хранения оружия, после тщательной проверки характеризующих материалов.

Также напоминаем Вам, что с 18 мая по 31 декабря 2015 года на территории республики, в соответствии приказом МВД по Республике Дагестан от 15 мая 2015 г. № 999, проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

**Сайпудин Магомедлиев,
и. о. начальника ОМВД
России по
Гумбетовскому району
подполковник
внутренней службы**

DURA LEX, SED LEX ( СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Фальшивая «корочка»

### Гумбетовская прокуратура выявила факт незаконного использования служебного удостоверения экс-начальником ОМВД по району

**Прокуратура Гумбетовского района в ходе проведенной проверки выявила факт незаконного использования служебного удостоверения бывшим начальником отдела МВД России по Гумбетовскому району.**

Как установлено, в апреле 2015 года мужчина был уволен с занимаемой должности приказом Министра внутренних дел по Республике Дагестан за предоставление заведомо подложного документа об образовании при поступлении на службу.

Тем не менее, бывший сотрудник продолжал пользоваться служебным удостоверением, предъявляя его на контрольно-пропускных постах и постах ГИБДД МВД по РД, и представляясь начальником отдела полиции.

Только после вмешательства прокуратуры района служебное удостоверение у экс-полицейского было изъято.

Материалы проверки по данному факту прокуратурой направлены в следственные органы для решения вопроса об уголовном преследовании.

**Официальный сайт
Прокуратуры Республики
Дагестан,
26 июня 2015 г.
http://dagproc.ru/index.php?id=32&no_cache=1&tx_ttnews[tt_news]=2980
http://dagproc.ru/**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ…
ИНХОСА ГІАЛИ-ХІАЖИЯС 170 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# Огь, магIарулазул Жалалул Руми…

### Инхоса ГIали-хIажи

ХIижаз ГIарабиялъ сардалги рогьун,
Сиярал куцарав камилав вагIиз.
Исиб Индиралда мажлисалги лъун,
Мурават малъарав хIакъав мугIалим.
Къисматалъ имамлъун вукIинчIониги,
Имам вукIана мун шагIирзабазе.
Дова Персиялда СагIади гIадин,
Сабурго кIалъана мун ВатIаналда.
ХIафиз Ширазияс шигIраби гIадин,
Щурана дугIаби Дагъистаналда.
Огь, магIарулазул Жалалул Руми,
Жавгьаралъ къачIарал дур къасидатал.
Илагьияб илгьам зодисан щунищ,
Щаклу бахъун тараб нижее тарих?
ГIакълуялъ тIамунищ, тIабгIалъ малъунищ,
ТIоритIел гьабураб эркенлъиялде?
Дур къалмил тIогьисан тIинкIараб щакъи
ТIогьоде щуб гIадин, щвана нижеде.
Щибаб алфазалъулъ бахчараб магIна
Бакараб чирахълъун гвангъана гьанже.

**Исрапил Заирбегов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Килалъ: школа къачIалеб буго

### Квер биччарал чагIиги руго

**Килалъ школалда тIадран унел руго ремонталъулал хIалтIаби. Гьанжеялде школалъул цебесеб азбаралда киса-кибего тIун буго хъил, гIага-шагарго 300 квадратнияб метралда.**

Гьарун руго цебесеб рахъалда тIугьдул гъезе бардюрал. Гьеб кинабго хIалтIи гьабун буго учительзабазул къуваталдалъун.

Цементгун салиялъе спонсорлъи гьабун буго Къурбандибир ГIумарасхIабовас. Классазда бахунеб буго лажбар - мокърокь, гIодоб ва гордазда. Гьебги учительзабаз гьабулеб буго.

Школалъул завхоз АхIмад Насрулаевасул рагIабазда рекъон, жеги хъил тIезе рагIула хьалбазда ругел рахъазулги ва спортбайданалде лъугьине гьаризе ругила санагIатал болъаби. Учительзабаз хIалтIи гьабулеб буго кIудияб гъираялда. Гьезда ракIалда буго гIагараб заманалда гьенир гьарулел киналго хIалтIаби лъугIизаризе.

**Исрапил Заирбегов**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1325
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.